



*Building Bridges for today's students to cross into tomorrow's world with equity, innovation and optimism*

**Administration Building** • 13A Dickinson Avenue • Nyack, NY 10960 • (845)353-7000  
Phone: (845) 353-7015 • Fax: (845) 353-0508 • Email: [jmontesano@nyackschools.org](mailto:jmontesano@nyackschools.org)

**James J. Montesano, Ed.D.**  
Superintendent of Schools

3 Mas 2020

Chè Paran, Lekòl Piblik Nayak la

Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC) te pibliye yon avètisman pou atann yon kantite ka 2019 Novel Coronavirus lan nan Etazini, di li rete pa klè kijan grav menas sante a pral ye - men, yon transmisyon soutni de viris la posib. Pa konsekan, ofisyèl sante federal ak eta yo te konseye lekòl yo, gouvènman yo, biznis yo ak kominote yo pou prepare yo pou kèk gwo epidemi.

Lekòl Piblik Nayak la rete an kontak ak Depatman Sante Konte Rockland, Depatman Sante Eta New York ak Depatman Edikasyon Eta New York, epi yo pral kontinye kontwòle sitiyoasyon an pou asire ke plan yo an plas ak pwotokòl yo swiv pou kenbe tout elèv yo ak manm pèsònèl la an sekirite epi mete ajou tout dènye enfòmasyon yo.

Kòm yon pati nan efò Lekòl Piblik Nayak la pou asire kanpis ak fasilite yo rete san danje epi an sante, ajans nou an ki resevwa fòmasyon pwofesyonèl enfimyè ki regilyèman kontwòle moun ki genyen lafyè, tous ak souf kout, epi yo pral swiv evalyasyon apwopriye ak pwotokòl siveyans pou elèv yo ak anplwaye ki rapòte ke yo santi yo malad.

**Pandan ke Lekòl Piblik Nayak la ak CDC kontinye pou kontwòle seryezman pwopagasyon Coronavirus, nou ankouraje elèv yo ak anplwaye yo pou pran mezi de baz ijyèn yo pou men y oak jan yo ap touse pou anpeche rim, grip ak Coronavirus.**

Pi bon fason pou anpeche enfeksyon se evite ekspozè a yon viris. CDC rekòmande mezi prevansyon chak jou pou ede anpeche pwopagasyon viris respiratwa, tankou:

- Lave men ou souvan avèk savon ak dlo pandan omwen 20 segonn. Si dlo ak savon pa disponib, sèvi ak yon dezenfektan ki gen alkòl ki gen omwen 60 pousan alkòl.
- Evite manyen zye ou, nen w ak bouch ou avèk men ki pa lave.
- Evite kontak sere avèk moun ki malad.
- Rete lakay ou lè ou malad epi rete lakay ou jouk ou pa gen lafyè pandan 24 èdtan **san w pa pran medikaman pou lafyè.**
- Kouvri touse ou oswa etènne ak yon tisi, epi jete tisi a nan fatra a.
- Netwaye epi dezenfekte objè ak sifas moun manyen yo souvan.

Lekòl Piblik Nayak la, ansanm ak distri lekòl vwazen nou yo, ap kontinye swiv pwotokòl ak konsèy nan men ajans lokal, eta a ak federal, kòm sante ak sekirite elèv nou yo ak anplwaye se toujou pi gwo priyorite nou. Pou nou ka sipote efò sa yo, nap enstale dezynfektan nan chak klas nan tout distri ya e anplwaye ki netwaye lekòl yo ap dezynfekte tout biwo ak manch pòt ak tout sifas ke moun touche souvan. Nou kwè nan efò inifye sa a toupatou nan Konte Rockland pral pi byen sèvi kominote nou an ak enfòmasyon egzat, apwopriye ak konsistan.

Sensèman,

A handwritten signature in black ink, appearing to read 'James J. Montesano', with a long horizontal stroke extending to the right.

James J. Montesano, Ed.D.  
Sipèentandan, Lekòl Piblik Nayak la

JJM:ld

Tanpri (Gade anba lèt la)

Akoz enkyetid ki ap ogmante nan kominote a sou epidemi '2019 Novel Coronavirus (COVID-19)', Lekòl Leta Rockland BOCES devloppe gid sa a pou paran/gadyen gen enfòmasyon kòrèk konsènan sa viris la ye, kòman pou pwoteje tèt ou ak pitit ou, e kisa pou fè si w sispèk ta gen yon ka.

'COVID-19' se yon nouvo viris respiratwa ki soti nan Wuhan, Provans Hubel nan peyi Lachin. "Centers for Disease Control and Prevention (CDC)" (Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi) ap suiv li depre.

Ka maladi 'COVID-19' yo rapòte yo soti nan moun ki enfekte avèk kèk sentòm oubyen ki pa gen okenn sentòm rive nan moun ki malad grav e ki ap mouri. Osyèl sante piblik yo pa klè sou kòman 'COVID-19' a pwopaje de yon moun a yon lòt.

### ■ KISA OU TA DWE KONNEN:

Sentòm sa yo gen ladan yo maladi respiratwa ki mwen grav rive nan maladi respiratwa ki trè grav:

- Fyèb
- Tous
- Dikilte pou respire

Genyen sentòm sa yo sèlman pa vle di yon moun genyen viris la. Sentòm yo ka parèt nan sèlman de (2) jou rive nan 14 jou aprè yon moun n ekspeze a maladi a. Daprè CDC a, pi gwo risk enfeksyon an se pou moun ki vwayaje ale nan Wuhan peyi Lachin.

Sentòm sa yo sanble ak sentòm "u" (gwo grip) e kounye a pa genyen tretman espesik pou 'COVID-19'. Sepandan, mezi prevantif pou 'COVID-19' yo menm jan ak lòt mezi moun pran pou viris respiratwa tankou u a.

### ■ KISA SENTÒM FLU YO YE?

Sentòm flu yo ka gen ladan tous, gòj fè mal, fyèb, nen koule oubyen bouche, kò fè mal, tèt fè mal, frison, fatig e ka gen ladan yo tou vomisman ak dyare. Li posib pou kèk moun ki gen flu a pa gen tout sentòm sa yo.

### ■ E SI PITIT MWEN GENYEN SENTÒM SA YO?

- Ou ta dwe kontakte doktè ou imedyatman. Pa tann pou sentòm yo vin pi mal!
- Nou ankouraje paran/gadyen pou kenbe pitit yo lakay lè yo malad.

### ■ KI FASON MWEN KA PWOTEJE PITIT MWEN?

- Daprè CDC, lave men byen avèk savon e dlo se youn nan pi bon fason pou fè prevansyon kont maladi.
- Demontre fason ki kòrèk pou lave men nan 20 segonn. Fè pitit ou vizite [cdc.gov/handwashing/index.html](https://www.cdc.gov/handwashing/index.html) pou gade yon videyo sou fason ki kòrèk pou lave men byen.
- Demontre pou pitit ou kòman pou yo kouvri nen ak bouch yo avèk yon sèvyèt papye lè yo ap touse oubyen ekstènnye. Yo ta dwe jete sèvyèt papye a aprè yo fin sèvi ak li e lave men yo. Si pa gen sèvyèt papye, YO PA TA DWE ITILIZE MEN YO. Yo ta dwe kouvri bouch ak nen yo avèk manch rad yo.
- Timoun ta dwe evite manyen zye yo, nen yo, oubyen bouch yo. Mikwòb ka gaye nan fason sa a.
- Si posib, evite rete kote moun ki malad.
- Netwaye ak dezenfekte sifas oubyen objè moun manyen souvan.

### ■ KONSÈY POU FAKE "CHAT" CORONAVIRUS "AK PITIT OU

- Siveye enfòmasyon pitit ou ap resewva
- Eksplike kisa k ap pase nan nivo devlopman yo
- Mete epidemi an nan dimansyon
- Bay timoun yo yon sans de aksyon pèsònèl (sa vle di anseye timoun yo kijan pou yo lave men regilyèman ak etènnye nan tisi / koud yo bay yon sans de kontwòl sou kò yo)
- Sèvi ak opòtinite pou eksplike poukisa li enpòtan pou rete lakay ou si ou santi ou malad

**VIZITE [CDC.GOV](https://www.cdc.gov) POU DÈNYE ENFÒMASYON SOU CORONAVIRUS.**